

17 out 2020

Chè fanmi,

Nan bon tan, nan tan difisil, mwen konnen ou vle sa ki pi bon pou pitit ou. Ou vle pou yo ansekirite, ansante, ak kontan. Epi ou vle pou yo toujou ap aprann, grandi, ak prepare pou yo konkeri mond lan. Lekòl nou yo jwe yon wòl enpòtan nan sa, espesyalman kounye a, kote elèv vil nou an pase anpil.

Pou nou, sante ak sekirite toujou rete an premye. Vizyon nou pou otòn lan se yon anviwònman aprantisaj san danje, solid, ak ankouraje yon edikasyon ekselan pou chak grenn nan elèv nou yo. Lekòl pral fonksyone epi elèv pral aprann senk jou pa semèn—kèlkeswa kote yo ye a.

Nou konnen plis kounye a konsènan kòman eksperyans lan pral mache. Nan Mizajou pou fanmi sou reouvèti lekòl semèn sa a, w ap jwenn:

- Dènye enfòmasyon sou sante ak sekirite, ki gen ladan vantilasyon, enfimyè lekòl, ak tès ak suivi nan lekòl
- Kòman pou rete enfòm osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a
- Kòman fanmi ka chanje preferans aprantisaj timoun yo pou ale/sòti nan aprantisaj adistans total
- Sa k ap pase si yon elèv ale nan lekòl la an pèsòn nan yon jou li pat pwograme pou l ale
- Sipò pou elèv ki gen plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP)
- Sipò pou elèv ki abite nan lojman tanporè ak elèv ki nan Foster Care

Nou konnen planifikasyon pou nouvo ane lekòl la pa fasil—pou ou, pou edikatè nou yo, pou estaf lekòl ak pou kominote a. Men mwen kwè lè nou travay ansanm nou ka kòmanse ane lekòl la an fòs. Mwen vle rekonèt travay san souf direktè ak lidè lekòl nou yo, ki lite pandan tout ete a pou prepare pou premye jou lekòl la.

Mwen vle tou di ou mèsi. Kolaborasyon ou fè li posib pou nou konsidere ak planifye pou ni aprantisaj anpèsòn ni aprantisaj adistans. Patisipasyon w nan kominote lekòl ou yo se yon pati enpòtan pou asire elèv nou yo reyisi pa jis pandan ane lekòl k ap vini an, men tou pou ane k ap vini yo. Nou gen privilèj pou nou sèvi oumenm ak timoun ou yo, jèn yo ki pral nan yon ti moman ankò tounen moun ki pral mennen vil nou an.

Si w gen kesyon sou enfòmasyon ki nan lèt sa a, tanpri kontakte direktè lekòl ou a. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte direktè lekòl yo lè w chèche lekòl pitit ou ye a nan Find a School: schoolsearch.schools.nyc.gov. Enfòmasyon pou kontakte direktè lekòl nan chak sitwèb lekòl schools.nyc.gov, nan seksyon “School Contacts and Information”. Epi kòm alòdinè, ou ka jwenn tout enfòmasyon sou reouvèti lekòl nan schools.nyc.gov/returntoschool2020.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Mizajou pou fanmi sou reouvèti lekòl 17 out 2020

W ap jwenn mizajou sa yo sou paj wèb reouvèti lekòl ou a nan schools.nyc.gov/returntoschool2020, ki disponib 24/7 pou ede ou jwenn enfòmasyon osijè ane lekòl k ap vini an.

Enfòmasyon pi resan sou sante ak sekirite

Pou bilding lekòl ouvri an septanm ak rete ouvri, Vil la dwe gen mwens pase 3 pousan tout tès COVID-19 ki vin pozitif. Depi mwa jen, to tès pozitif pou Vil la rete ant 1 a 2 pousan. Nou gen yon pwotokòl byen estrik pou tès, suivi, ak karantèn si yo konfime yon ka pozitif nan yon lekòl, epi n ap itilize tout efò pou prevni pwopagasyon enfeksyon nan lekòl si yon elèv oswa yon manm estaf pa santi li byen oswa yo konfime se yon ka COVID-19.

Anpil fanmi gen kesyon sou vantilasyon. Angajman nou byen senp: si yon sal pa gen ase vantilasyon, yo p ap itilize l pou elèv ni estaf. N ap evalye ak fè travay antretyen nan bilding yo pou gen plis vantilasyon posib avèk lè k ap soti deyò nan maksimòm posiblite. N ap atann pou travay antretyen yo fini avan lekòl reouvri.

Finalman, otòn sa a, chak bilding lekòl nan Vil Nouyòk ak tout pwogram debitan atravè vil la ap gen aksè yon enfimyè. Atravè patnèchip avèk NYC Health + Hospitals, anplis pèsònèl enfimyè ki deja etabli nou an, chak elèv ap gen aksè yon enfimyè kalifye pandan n ap reouvri lekòl ansekirite ak sispann pwopagasyon COVID-19. Ap gen enfimyè anplas disi premye jou lekòl la.

Kòman pou rete enfòme osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a

Lè ane lekòl la kòmanse, nou vle asire nou ka kontakte w rapidman yon fason efektif pou pataje enfòmasyon, ladan enfòmasyon osijè ka COVID-19 ki konfime nan lekòl pitit ou a. Tanpri anrejistre pou yon Kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) pou nou ka kontakte w pa telefòn, imèl oswa pa mesaj tèks.

Kont NYCSA ou a kapab ede w tou jwenn nòt, orè, enfòmasyon sou mwayen transpò pitit ou a, ak plis toujou—apati nenpòt kote ou ye, ak nan nèf lang DOE tradui yo. Mwen ankouraje w pou kenbe enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou, pou nou kapab jwenn ou si ta gen yon ijans. Si w pa gen yon kont, anrejistre pou youn jodia nan schools.nyc.gov/nycsa. Li pran senk minit sèlman!

Kòman pou chanje preferans aprantisaj yon timoun pou ale/soti nan aprantisaj adistans total

Direktè lekòl ou yo an kolabarasyon avèk administratè distri ak santral, ap kontinye devlope plan onivo lekòl yo pou chak lekòl leta nan Vil Nouyòk. N ap planifye kounye a pou anviwon twa ka elèv nou yo (plis pase 700.000) pou kòmanse ane lekòl la nan yon mòd aprantisaj miks. Sa vle di yo pral aprann an pèsòn nan yon bilding lekòl yon pati nan semèn lekòl la epi y ap kontinye adistans nan rès jou semèn lan. Rès fanmi nan kominote DOE nou an ap kòmanse ane a totalman nan mòd aprantisaj adistans.

Ou ka retire pitit ou a nan mòd 100 pousan aprantisaj adistans lan nan nenpòt moman lè w itilize fòm Preferans pou aprantisaj sou entènèt la: nycenet.edu/surveys/learningpreference. Fanmi ki chwazi 100 pousan aprantisaj adistans ka vin chwazi aprantisaj miks apre chak 3 mwa kòmanse nan mwa novanm.

Sa k ap pase si yon elèv ale nan lekòl la an pèsòn nan yon jou [Li pat pwograme pou l ale](#)

Lekòl pral travay depre avèk fanmi pou kominike ak lòt sou ki jou timoun yo dwe vin lekòl anpèsòn. DOE ankouraje pou fè lòt aranjman pou gade timoun ak pou fè yon plan pou ede asire pitit ou a pa rive nan lekòl la yon jou li pat sipoze la. Si yon elèv vini lekòl yon jou li te sipoze pran aprantisaj adistans, lekòl pitit ou ye a ap fè w konnen. Yo dwe vin chèche tout timoun ki vini lekòl nan yon jou yo pat sipoze la, oswa voye yo lakay yo, tou depan laj yo ak lòt faktè. Pou plis enfòmasyon sou elèv ki vin lekòl pa erè yon jou, ale sou schools.nyc.gov/returntoschool2020.

Sipò pou elèv ki gen plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP)

DOE ofri elèv ki gen andikap aksè nan enstriksyon anpèsòn pandan aprantisaj mik. Si IEP pitit ou an rekòmande Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services), ou pral resevwa yon sondaj kote y ap mande w pou bay preferans ou pou terapi anpèsòn oswa adistans. Lè lekòl reouvri, lekòl pitit ou ye a ap kontakte w pou pale sou orè espesifik pitit ou a, ak fè tout efò pou fè w jwenn sèvis ki disponib pou demand ou a. DOE pral mete deyò lòt konsèy ak enfòmasyon pou fanmi elèv ki gen andikap nan yon ti tan ankò.

Sipò pou elèv ki abite nan lojman tanporè ak elèv ki nan Foster Care

Elèv ki abite nan lojman tanporè ak elèv ki nan Foster Care ap travèse difikilte ki inik avèk COVID-19 lan, ladan chanjman pou aprantisaj adistans lan. Nou deja ap bay sipò anplis pou elèv sa yo, ladan asire yo resevwa aparèy aprantisaj adistans yo byen bonè. Tout aparèy aprantisaj adistans yo bay elèv nan shelter gen kapasite yon selilè. Si sa posib ak apwopriye, elèv ki abite nan lojman tanporè ak elèv nan Foster Care ka resevwa tou enstriksyon anpèsòn anplis, tou depan modèl pwogramasyon lekòl la, bezwen jeneral elèv, ak kapasite.